



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 200 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANÈ POU NOUYÒKÈ YO NAN MWA SEPTANM LAN

*Tout benefisyè SNAP yo ap resevwa avantaj alimantè maksimòm pou mwa a*

*Plis pase 2.9 milya dola nan asistans alimantè te distribye nan tout eta a depi avril 2020*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a ap resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize a pou mwa septanm lan. Gouvènè Hochul te mande Biwo Asitans Tanporè ak pou Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a, ki administre SNAP nan Eta New York, pou kontinye travay avèk gouvènman federal la pou asire avantaj siplemanè sa yo pral jwenn fwaye ki gen nesesite yo pandan otòn lan.

"Pandemi an te ekonomikman douloure pou anpil fwaye atravè New York, epi nou pa kapab pèmèt rezidan vilnerab nou yo fè fas ak evantyèl grangou oswa ensekirite alimantè - espesyalman atravè yon kriz sante piblik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avantaj alimantè ijans sa yo ap ede Nouyòkè yo satisfè bezwen yo epi nourri fanmi yo, pandan sa ap enjekte tou finansman federal esansyèl nan ekonomi eta nou an".

**Komisè Mike Hein te deklare,** "Okenn Nouyòkè ta dwe fè fas ak evantyèl ensekirite alimantè vrèman tris - espesyalman pandan yon kriz sante piblik pwolonje. Avantaj alimantè ki ajoute sa yo te bay yon liy sovtajan enpòtan pou fwaye ki gen difikilte atravè New York nan ede fanmi ak moun yo pou mete manje sou tab la pandan n ap kontinye navige pandemi ankou a".

Fwaye SNAP k ap viv nan tout konte ki andeyò Vil New York yo dwe wè avantaj sa yo kòmanse semèn sa a epi pwolonje jiska 24 septanm. Fwaye SNAP sa yo k ap viv nan rejyon senk konte Vil New York la dwe wè avantaj pa yo efekte ant 16 septanm ak fen mwa a.

Fwaye SNAP ki deja ap resevwa avantaj maksimòm chak mwa a, ansanm ak sila yo kite toujou ap resevwa yon alokasyon pou ka dijans ki piti pase 95 dola chak mwa, ap resevwa yon sipleman minimòm ki se 95 dola. Apeprè 1.6 milyon fwaye nan Eta New

York pral resevwa avantaj siplemantè nan mwa sa a, sa ki pral fè eta a resevwa yon asistans federal ki vo anviwon 200 milyon dola.

Menm jan pandan mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa svi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

OTDA te jwenn apwobasyon gouvènman federal la pou pwolonje alokasyon ijans ki baze sou bezwen piblik kontinyèl la akòz COVID-19 la. Pa konsekan, Nouyòkè yo ap kontinye resevwa avantaj SNAP maksimòm osi lontan deklarasyon ijans federal la kontinye an 2021.

Nouyòkè ki gen difikilte yo kontinye depann anpil sou SNAP pandan pandemi COVID-19 la ap evolye a. Efektif jiyè 2021, te gen apeprè 2.8 milyon benefisyè SNAP toupatou nan eta a, ki se yon ogmantasyon 1.8 pousan depi mwa jiyè 2020 an. Avantaj SNAP ki ajoute yo te pote plis pase 2.9 milya dola nan finansman federal pou Eta New York depi pandemi an te kòmanse.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplemantè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, vizite sitwèb OTDA a isit la. Nouyòkè yo kapab verifye si yo elijib pou SNAP epi yo ka aplike sou entènèt la [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)